

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Jaman kiwari dina kahirupan masarakat Sunda sapopoéna masih sok ngagunakeun basa Sunda, tapi aya kénéh nu dicampur jeung basa Indonésia biasana anu ti leuleutikna diajarkeun ku kolot téh lain basa Indung (Sunda) tapi basa Indonésia nu antukna lamun ngomong jeung babaturana téh sok dicampur maké basa Sunda jeung Indonesia. Bisa disebut yén barudak Sunda téh dwibasa.

Ieu panalungtikam miboga tujuan pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun campur kode dina vidéo *youtube vlog* akun Fiksi. Pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun campur kodenana ngagunakeun teori Suwito, (1983) ngeunaan wanda jeung wujud campur kode. Wanda campur kode mangrupa campur kode anu ngasupkeun unsur-unsur basa séjén kana basa Sunda. Dumasar wandana, campur kode dina *vlog* akun Fiksi téh kapanggih aya tilu rupa nyaéta campur kode ka jero, campur kode ka luar, jeung campur kode campuran. Sedengkeun wujud campur kode anu kapanggih dina *vlog* akun Fiksi téh nyaéta kecap, frasa, baster, rajékan, jeung klausa.

Campur kode ka jero mangrupa campur kode anu unsur-unsurna ngagunakeun basa Indonésia. Dina ieu hal, campur kode ka jero anu ngasupkeun basa Indonésia kana basa Sunda kaasup kana campur kode nu panglobana nu jumlah unsurna aya 443 unsur. Sedengkeun campur kode ka jero anu ngasupkeun basa asing kana basa Sunda mangrupa campur kode anu unsur-unsurna ngagunakeun basa séjén atawa basa asing. Unsur basa nu kapanggih nyaéta basa Inggris. Dina ieu hal, campur kode ka luar kaasup kana campur kode nu pangsaeutikna kalayan jumlah unsurna aya 77 unsur. Ari sésana nyaéta campur kode ka jero anu ngasupkeun unsur basa Indonésia jeung basa asing mangrupa campur kode anu unsur-unsurna ngagunakeun dua unsur basa séjén kana basa Sunda. Jadi, dina hiji kalimah téh aya unsur-unsur basa séjén (basa Indonésia jeung basa Asing) nu digunakeun dina kalimah basa Sunda. Unsur campur kode campuran kaasup kana campur kode nu tengah sabab jumlah unsurna aya 415 unsur.

Wujud campur kode dina vidéo *youtube vlog* akun Fiksi kapanggih aya lima rupa nyaéta campur kode dina wujud kecap, campur kode dina wujud frasa, campur kode dina wujud baster, campur kode dina wujud kecap bangbalikan, jeung campur kode klausa. Campur kode dina wujud kecap mangrupa campur kode nu panglobana, sedengkeun campur kode baster mangrupa campur kode nu pangsaeutikna, ari sésana nyaéta wujud campur kode frasa, kecap bangbalikan, jeung klausa.

Campur kode nu ngawujud kecap mangrupa campur kode anu ngagunakeun kecap-kecap dina basa séjén boh basa Indonésia boh basa asing kana basa Sunda. Dina ieu hal, anu lolobana dipaké dina *akun Instagram* Sunda téh nyaéta wangun kecap salancar. Campur kode nu ngawujud frasa mangrupa campur kode anu diseselan ku frasa-frasa basa séjén boh basa Indonésia boh basa asing kana basa Sunda. Campur kode nu ngawujud frasa lolobana nyaéta warna frasa pagawéan. Campur kode nu ngawujud baster mangrupa campur kode nu diseselan ku dua unsur basa nyaéta basa Indonésia jeung basa asing nu miboga hiji harti. Dina ieu hal, anu lolobana dipaké dina *vlog* akun Fiksi téh nyaéta dina pola basa Indonésia jeung basa Inggris. Campur kode kecap bangbalikan mangrupa campur kode anu diseselan ku kecap anu dibalikan deui boh dina basa Indonésia boh dina basa asing. Campur kode klausa mangrupa campur kode anu diseselan ku klausa klausa dina basa séjén boh basa Indonésia boh basa asing kana basa Sunda. Campur kode nu ngawujud klausa nyaéta campur kode klausa bébas jeung campur kode klausa kauger.

Dumasar kana hasil panalungtikan, bisa dicindekkeun yén campur kode dina vidéo *youtube vlog* akun Fiksi téh umumna aya dina wanda campur kode ka jero, sarta wujud campur kode dina vidéo *youtube vlog* akun Fiksi ngawujud kecap.

5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil analisis anu geus dilaksanakeun, ieu panalungtikan téh bisa dimangpaatkeun boh dina widang sosiolinguistik boh widang pangajaran. Dina widang sosiolinguistik bisa dijadikeun élmu pikeun ngeuyeuban patalina basa jeung makéna basa di masarakat hususna dina média sosial. Lian ti éta, ieu panalungtikan téh bisa jadi référénsi pikeun ngeuyeuban data nu valid sangkan mikanyaho kana kaayaan campur kode nu kiwari lumangsung di masarakat Sunda hususna dina